# Дахар

Дахар, Ас къобалдо, Къобалдо хьо, Хьакъверг бен Хьайн тойне Хийшош хьо дацахь. Хьуо хаздеш вогӀучун

Доггах гӀо лацахь, –

Дахар,

Ас даггара

Хьо къобалдо,

Дорах хьо дезаш вац,

ХӀай дахар, со

Лууш ву,

Мел веха

Хьан дуьхьа вага,

Сайн белхан буьртиг а

Хьан кенахь къага, –

Иштий бен хьо сайна

Мага-м ца до.

Мукъам

Ламанан лакхенгахь

Кхоллалой

Чухьоду

Са сирла

Са сема шовда, –

Сан коьртехь гӀаьттина

Цхьа мукъам

Гулбелла,

Іенира

Маршоне кховда.

Іенира,

Керчира,

ТӀулгӀбуьйлуш,

Дагна тӀе апари доккхуш,

ХӀорда тӀе сихделла

Ламанан аьрха хи санна,

Карзахе амал а,

Лакхенан маршо а

Йовзуьйтуш

Хьогахчу дагна.

Даге а бирзина,

И мукъам

Сан деган

Шорттачу маршонах ийра,

Амма шен лакхенца

Кхин цкъа а

И тен ца тийра,

Цуьнга ладоьгIначохь

Сан къоман тир суна гира,

Массо а къаьмнаша

Юьйцинчу

Мукъамийн тирах.

***

Ас динарг,

Ас дийриг,

Тийнарг,

Цатийриг,

Ас дагахь кхийлинарг,

Ас дан мел лийринарг,

Ца дан со кхийринарг –

Оцарах цхьаъ шайна

Цу тийнехь, адамаш,

Ларалаш со вайна,

Хьакъ боцуш кадамаш,

Шун бIаьрхийн тIадамаш.

Ткъа нагахь

Цкъа къадахь

Цхьаннан къамелехь

Сан цхьа гIулч мелехь,

Мацца а, хьаьа

Цхьа гӀуллакх хьакъ дан

Магадахь даггара, –

ТӀаккха а, адамаш,

Эшац тӀех кадамаш,

Белхаме къадамаш

Сан дега, нене,

Къаьсттина нене:

Тхов кӀелахь техкийна

Мацца а цкъа.

Цхьаллех дош

Цхьаллица

цкъеллиг цкъа берта ма гӀолаш:

Лардазчун къахьо ю,

лазам бу цуьнца,

Син цӀогӀа цуьнца ду,

ю къора буьйса.

Цхьаллица

цкъеллиг цкъа маршо ма голаш,

Сардамца

човха а ма елаш цхьалла:

МоттаргӀий, бакъдерггий

доькъуш ю иза,

ГӀо деш ю дӀахерван

цалуург виса, –

Цхьалханиг шен цхьалле

цаваьлла ваьлла.

ХӀетте а

цхьаллех вай ида а эшац:

Цо санна, къастор дац

мила ву мила,

Ӏамор вац цӀанвала,

дог-ойла йила –

Хастам бу цхьаллина…

Амма – ма езац!

ЧӀагӀо

«Далур ду дерриг а!...» –

Маржа и чӀагӀо!

Барз боккхуш аьлла-м ду

И масех дош, –

Шен цIарца кхолу ша

Историн агIо

Моьттинарг-м воьжна ву,

Ворта а йош.

Азаллин масалшца

Гамо а лоьцуш,

ГIиттинарш, къизаллех

Шайн Дела веш,

Гина бу шайгара

Халкъо чIир оьцуш,

Дегала шаьш кхаьбна

Iалашо леш.

Дицделла тардалар

Къонахий хила:

«Делан юкъ бара сан

И пIенда бон!... –

Ас динарг – хилла дерг –

Дохо ву мила?!» –

Баьхначу Мусостан

Кхиэл хилла вон.

«Далур ду дерриг а!...» –

И дешнаш уьйуш

Дерачу цхьамзанийн

Ипралли тIехь,

Адамийн собаран

Дозанех буьйлуш,

Хьийкъинчу паччахьех

Хьирчина эхь.

Чингис-Хан, Батый а,

Наполеон а,

Вильгельм а, Гитлер а…–

Уьш дуккха бу –

Доь дайа гIерттачохь

Массо а къоман

Къаьмнаша дайинарш

Шайн акха хIу…

Бакъйолу чIагIо ю –

Диканна йийриг, –

Ша вонна еш елахь,

И чIагIо яц:

Шена тIехIоьттича

Цхьаъ хоржу киртиг,

Вон парггIат тIеэцна

Аддам а Iац.

Мацаллин, эшамийн

Заманах даьлла,

Сан халкъо, керланиг

Болалуш мур:

«Далур ду дерриг а!» –

Дуьнене аьлла.

Даделлий? Далуш дуй?

Да а-м ду лур!